



Pou Piblikasyon Imedya: 21/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN MITAN YON ENVESTISMAN ISTORIK, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ASHLEY WALDEN KÒM PWOCHEN PREZIDANT & DIREKTRIS EGZEKITIF JENERAL OTORITE DEVLOPMAN REJYONAL OLENPIK LA

Mike Pratt pral pran retrèt li apre li te pase 38 ane nan sèvis piblik la

Gouvènè Kathy Hochul te akeyi jodi a Ashley Walden kòm pwochen Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik (Olympic Regional Development Authority, ORDA) Eta New York la. Li ranplase Mike Pratt, ki pran retrèt apre plis pase 38 ane nan òganizasyon an. Direktè Otorite Olenpik yo te vote pou nonmen Madam Walden apre yon rechèch plizyè mwa.

"Felisitasyon pou Ashley Walden, ki pote devouman, lidèchip ak konesans pwofon nan espò bay Otorite Devlopman Olenpik Rejyonal la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsye Mike Pratt pou 38 ane devouman li ak lidèchip Otorite Olenpik la, ki te pami pi bon lidèchip nan istwa Otorite Olenpik la. Bati sou dènye investisman jenerasyonèl Eta a nan enstalasyon Olenpik nou yo ak Jwèt Inivèsité Mondyal 2023 FISU (FISU 2023 World University Games) ki reyisi yo, avni espò ivènal yo nan Eta New York la ap briye."

Walden te yon atlèt ki fè siksè ak USA Luge sou nivo Olenpik ak Koupdimond anvanli tranzisyon nan dènye wòl lidèchip espòtif la. Li antre nan Otorite Olenpik la apre li te sèvi kòm Direktris Egzekitif Konsèy Espò Adirondack la, kote li te ankouraje espò ak devlopman atletik nan rejyon an. Walden te òganize Jwèt Inivèsité Mondyal Ivènal 2023 yo, ki se yon evènman kolejyal milti-espò ki te enplike plis pase 50 peyi ak apeprè 600 inivèsite. Anvan sa, kòm Direktris Espòtif ak Operasyon pou Espò Bobsled ak Eskelèt nan USA, Walden te dirije yon efò rekritman ak devlopman pou tou de espò yo pou sipòte kwasans ak pèfòmans siperyè pou atlèt yo.

Prezidan Konsèy Administrasyon Otorite Olenpik la, Joe Martens, te delare, "Reyalizasyon Ashley yo, premyeman kòm atlèt epi kounye a kòm yon direktis egzekitif, yo mache an paralèl. Li fikse objektif anbisye, simonte defi, epi enspire lòt moun pou yo atenn tout potansyèl yo. Mwen pa gen dout li pral fè sa antanke Prezidan & Direktris Egzekitif Jeneral Otorite Olenpik la, nan swiv tras jeyan Mike Pratt yo."

Mike Pratt se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rejyonal Devlopman Olenpik la depi fevriye 2017. Pandan manda li a, New York te envesti plis pase 600 milyon dola

nan enstalasyon Otorite Olenpik la pou ede repozisyon rejyon an kòm yon destinasyon mondyal pou espò ivè. Gwo transfòmasyon ak modènizasyon yo te egzekite ak yon konsantrasyon sou dirabilite ak responsablite finansye. Lokal yo gen ladan Mt. Van Hoevenberg, Sant Olenpik la, Konplèks So olenpik, ak twa zòn eski Otorite Olenpik la, Belleayre Mountain, Gore Mountain, ak Whiteface Mountain. Sit yo ouvri pandan tout ane a pou evènman yo, fòmasyon atlèt, ak lwazi, pandan y ap founi eksperyans ak konpetisyon klas mondyal. Anplis sis lokal li yo nan Adirondacks ak Catskills, Otorite Olenpik la jere Mize Olenpik Lake Placid la ak Sant Konferans Lake Placid la. Òganizasyon an posede tou Sant Fòmasyon Olenpik ak Paralolenpik Etazini an, etablisman Asosyasyon Luge Etazini an, ak biwo Kòporasyon Otorite Olenpik la, yo tout sitiye nan Lake Placid.

Dènye sezon ivè a, New York te resevwa 68.5 milyon vizitè, sa ki te jenere plis pase 16.1 milya dola nan depans dirèk vizitè yo. Otorite Olenpik la depase yon milyon vizitè nan lokal yo nan ane fiskal 2022/2023 a; li te gen ladann kwasans rekò nan abònman sezon ak revni operasyonèl yo ansanm ak yon dimansyon elaji nan segman biznis Otorite Olenpik ak aktivite pandan tout ane a. Tourism Economics te rapòte ke Otorite Olenpik la te bay yon enpak ekonomik ki se 341.8 milyon dola pou Eta New York pandan ane fiskal 2022/2023 a, yon ogmantasyon 119 pousan pa rapò ak 156 milyon dola yo te rapòte nan ane 2016/2017 la.

Konsèy Direktè Otorite Olenpik la te twouve Walden se yon lidè ki pral bati sou siksè ekonomik Otorite Olenpik la epi ki pral kontinye ogmante investisman lokal Eta New York te fè. Bidjè Egzekitif 2023/2024 Gouvènè Hochul a gen ladan 92.5 milyon dola nan kontribisyon kapital pou kontinye amelyore ak kenbe lokal ak enstalasyon Otorite Olenpik yo.

Prezidan Federasyon Espò Ivè Olenpik Entènasyonal (International Olympic Winter Sport Federations) Ivo Ferriani, te deklare, "Ak Ashley Walden, Otorite Olympic la pral gen yon nouvo PDG ki ekselan. Li gen tout konpetans ki nesese pou dirije yon òganizasyon enpòtan tankou Otorite Olenpik la. Mwen patikilyèman fyè dèske m te wè l ap grandi soti nan yon atlèt glisman rive nan yon lidè espò ak biznis."

Vis Prezidan Komite Olenpik ak Paralolenpik Etazini, Gwo Pèfòmans Olenpik, Kelly Skinner, te deklare, "Mwen kontan ajoute felisasyon mwen bay Ashley ak Mwen kontan travay avèk li nan wòl sa a kòm Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Olenpik la. Eksperyans solid li nan espò konpetitif ak administrasyon espò pral bon pou rejyon an, ak pou tout atlèt yo - jenerasyon aktyèl ak fiti yo - ki viv ak antrene la. Mèsi tou a Mike Pratt pou travay li te fè nan revitalize lokal yo nan Lake Placid. Li te kite yon eritaj nan sèvi atlèt ak kominote a ki te prepare Ashley pou yon gwo siksè."

Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare, "Mike Pratt te reprezante Otorite Olenpik la ak distenksyon pandan 38 ane epi mwen felisite li pou retrèt li ke li byen merite. Swiv tras li mande yon moun ki gen ladrès, ki trè devwe, donk mwen kontan dèske Ashley Walden pral siksese li. Li te fè yon djòb ekselan kòm Direktis Egzekitif Konsèy Espò Adirondack la epi eksperyans li kòm atlèt olenpik fè l inikman kalifye pou l vin nouvo Prezidan ak

Direktris Egzekitif Jeneral Otorite Olenpik la. Mwen felisite li pou nominasyon sa a epi mwen pa ka tann pou m travay avèk li pou asire enstalasyon olenpik rejyon nou an rete itilizab epi rete yon pati enpòtan nan kominote nou yo."

Manm Asanble Billy Jones te deklare, "Felisite pou Ashley Walden pou nouvo pozisyon li kòm PDG ak Prezidan Otorite Olenpik la. Li te enpòtan anpil nan pote Jwèt Inivèsitè FISU Mondyal la nan Adirondacks, epi ane li kòm yon anplwaye akkòm yon liyè Ameriken pral yon gwo avantaj pou Otorite Olenpik la, epi mwen pa ka tann pou m kontinye travay ansanm."

Sipèvizè Vil North Elba, Derek Doty, te deklare, "Vil North Elba akeyi ak felisite Ashley Walden avèk anpil chalè pandan l ap kontinye eritaj siksè Vil la ak Otorite Olenpik la pataje. Nou pa ka tann yon patenarya ki long ki kenbe pwojektè espò ivè yo sou Eta New York ak Adirondacks."

Sipèvizè Vil Johnsbury, Mark Smith, te deklare, "Nou te gen anpil chans pou nou genyen Mike Pratt nan Gore Mountain epi apre sa kòm Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Olenpik la. Li toujou fè plis epi li te kontribye pozitivman nan siksè rejyonal Vil Johnsbury ki gen ladan redevlopman k ap kontinye nan North Creek Ski Bowl la. Sezon ivè sa a pral 90èm anivèsè premye tren nèt k ap pote amatè espò ivè North Creek yo. Nou pa ka tann pou selebre etap enpòtan sa yo ak nouvo PDG Ashley Walden pandan Otorite Olenpik la ap ogmante enpak ekonomik li pandan tout ane a."

Sipèvizè Vil Shandaken, Peter DiSclafani, te deklare, "Vil Shandaken ak Biwo Sipèvizè a te gen yon relasyon long ak anpil respè ak Mike Pratt epi nou apresye sa avèk rekonesans epi nou swete li sa ki pi bon pou pran retrèt li; nou sèten sa a pral kontinye ak Ashley Walden. epi nou pa ka tann pou nou travay ansanm alavni."

Sipèvizè Vil Wilmington, Roy Holzer, te deklare, "Antan Sipèvizè Vil Wilmington, mwen pa ka tann pou m travay ak Ashley Walden nan nouvo wòl li kòm PDG Otorite Olenpik la epi remèsye mwen Mike Pratt pou lidèchip ak vizyon ekstrawòdinè li."

Prezidan Konte EDC Warren Ian, Jim Siplon, te deklare, "Nou felisite Mike Pratt pou yon karyè remakab ak pou lidèchip li nan asire Otorite Olenpik la ak enstalasyon li yo pral kontinye rete yon pati fondamantal nan ekonomi rejyonal Adirondack nou an pou anpil jenerasyon. Mike te yon vwa solid nan Konsèy EDC nou an pandan plizyè ane epi li se yon defansè fèm pou travay kontinyèl pou bati yon ekonomi dirab ki ann amoni ak byen natirèl rejyon nou an. Nou akeyi ak tout kè nou Ashley, yon lidè ki gen eksperyans ak konpetans inik kòm yon pwodwi fyè nan investisman Otorite Olenpik la nan rejyon nou an, nan nouvo wòl li. Nou pa ka tann yon avni briyan ak Otorite Olenpik la ak Ashley pandan n ap travay ansanm pou kreye yon kominote ak ekonomi ki mache pou tout moun nan rejyon inik nou an."

Majistra Vilaj Lake Placid la Art Devlin, te deklare, "Kòm nou tout te jis temwanyè, youn nan fòs Ashley se ke yo te kapab travay ak lòt moun epi fòme yon ekip pou fè travay la, ke siksè Jwèt Inivèsitè Mondyal yo te pwouve. Nan sèvi ak tout resous rejyon

olenpik la genyen pou ofri, mwen pa ka tann pou m wè Ashley fè menm bagay la nan Otorite Olenpik la. Pandan ke vilaj la pa ka tann pou travay ak Ashley, li gen yon gou dous-amè paske nou pral pèdi Mike Pratt. Mike te fè yon travay ekselan nan pran tout eksperyans li yo ak koute moun ki anba li yo pou reyabilite rekonstwi tout sit olenpik yo nan sa ki san dout pami pi bon nan sit mond lan. Nan non mwen menm ak nan non Vilaj Lake Placid nou swete tout sa ki bon pou Mike nan retrèt li ak pou Ashley nan nouvo efò li."

Ko-prezidan Kowalisyon pou Belleayre Annella, White-Dignes, te deklare, "Kowalisyon pou Belleayre ta premyeman remèsye Mike Pratt pou reyalizasyon remakab li nan ORDA epi swete li bon retrèt. Nou espere akeyi nouvo Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Ashley Walden nan ORDA, ak nan Belleayre Mountain. Nou kontan fè ekip avèk li pou kontinye ogmante enpak ekonomik pozitif Otorite Olenpik la isit la nan Catskills ak nan tout Eta New York. Pa gen moun ki pi bon pase yon olenpyen pou dirije ak grandi lespri olenpik la nan Eta New York."

Enfòmasyon sou Otorite Olenpik la

Etabli an 1982, Eta New York la te kreye Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik Eta New York la pou jere etablisman yo te itilize pandan Jwèt Olenpik Sezon Ivè ki te fèt an 1980 an. Otorite Olenpik la ap jere Whiteface, Belleayre ak Gore Mountain, Mt. Van Hoevenberg, Oval Patinaj Vitès Olenpik James B. Sheffield la, Konplèks So olenpik la ak Sant Olenpik la. Antanke òganize evènman entènasyonal, nasyonal, rejyonal ak lokal, Sit Otorite Olenpik yo se destinasyon ak katalizè ekonomik rejyon li sèvi yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)